

Rapò Anyèl 2019

Lidèchip transfòmasyonèl pandan 5 lane





Mesaj Direktris Jeneral nou, Nedgine Paul Deroly

Ko-Fondatris & Direktris Jeneral

Se yon onè pou m kanpe ak manm fanmi Anseye Pou Ayiti pou n lanse yon mouvman pou elimine inegalite ak enjistis nan sistèm edikasyon nou an ann Ayiti. Nou se desandan zansèt ki te ban nou 1804, zansèt ki te kanpe pou jistis. Pandan jenès mwen, paran m te mete aksan sou enpòtans idantite, istwa ak kilti. Se respè pou eleman kle sa yo ki kontribye a nesans mouvman Anseye Pou Ayiti nan 2014.

Men se pa mwen menm, kòm fondatris, ki se Anseye Pou Ayiti. Selon Maya Angelou : « Mwen se 1, men mwen kanpe tankou 10,000. » Mwen se yon sèl manm nan fanmi ki se Anseye Pou Ayiti. **Nou se Anseye Pou Ayiti.** Nou se anseyan-lidè, anbasadè, aprenan, manm ekip ak konsèy administrasyon an, paran, manm kominote yo. Kounye a, genyen plis pase 5,000 manm nan fanmi sa a. Nan tèt ansanm nou konnen Ayiti pral reprann plas li tankou yon peyi ak enfliyans. Fwa sa, se egalite nan sistèm edikasyon an k ap pèmèt nou reyisi nan yon nouvo revolisyon kiltirèl.

Mwen pa jwenn mo pou m remesye tout moun ki te kanpe avèk nou depi lè mouvman an te kòmanse – depi lè Anseye Pou Ayiti te yon rèv. Mouvman sa se yon efò k ap bezwen moun ki soti nan plizyè jenerasyon, ki kanpe sou fondasyon Toussaint, Dessalines, Catherine Flon, Charlemagne Péralte, e anpil sitwayen k ap defann libète nou jiska prezan. Pouvwa nou tankou pèp se yon pouvwa ekstwaodinè. Lidèchip kolektif ak yon vizyon pou n atenn ekselans ap pèmèt Anseye Pou Ayiti kontribye a yon transfòmasyon. N ap chanje menm jan moun nan lòt peyi konprann Ayiti – ranplase tout sa yo konn itilize pou yo dekri Ayiti, kounye a mete aksan sou espwa, resous lokal ak yon sistèm edikasyon k ap ekipe sitwayen. Mouvman nou an ap pouse pi devan e fòk nou reyisi. Mèsi tout moun pou sipò ak solidarite nou.

Men anpil, chay pa lou !



Objektif 2020

Ekipe 20,000 lidè sivik pou 4 milyon timoun ann Ayiti.

Anseye Pou Ayiti ap travay ak kominote nan peyi a pou n kreye yon rezo lidè sivik e pou n bati yon sistèm edikasyon ki chita sou egalite, sou istwa peyi nou an, sou valè moral ansanm ak yon vizyon kolektif.



A young boy with short dark hair, wearing a blue and white checkered shirt, is sitting at a wooden desk in a classroom. He is seen from the back, with his right arm raised and hand pointing towards a green chalkboard in the background. The chalkboard has some faint, illegible writing on it. The room has a grey wall and a dark pillar on the right. The entire image is framed by a yellow border.

Enpak




Apwòch nou santre sou kominote a

Nou rekrite kandida nan kominote nou yo, nou gen patenarya ak lekòl e anseyan nan kominote nou yo, epi nou òganize seyans devlopman pwofesyonèl ak manm kominote nou yo. Nou kwè solisyon egziste nan kilti, koutim ak kominote nou yo.



Mezire enpak selon relasyon nou ak kominote a

N ap envesti nan 5 kominote patnè – k ap reprezante “kominote modèl” – pou n ekipe anseyan, aprenan, paran, direktè lekòl ak alye kòm lidè sivik nesèsè pou mouvman an reyisi. Se nan sal klas n ap enplemane aktivite APA yo; men, se nan kominote yo chanjman yo ap fèt.



1

Gwomòn

Kantite Lekòl Patnè	14
Kantite Anseyan-Lidè & Anbasadè	27

2

Gonaïves

Kantite Lekòl Patnè	26
Kantite Anseyan-Lidè & Anbasadè	57

3

Ench

Kantite Lekòl Patnè	4
Kantite Anseyan-Lidè & Anbasadè	11

4

Boucan Carré

Kantite Lekòl Patnè	2
Kantite Anseyan-Lidè & Anbasadè	5

5

Mibalè

Kantite Lekòl Patnè	19
Kantite Anseyan-Lidè & Anbasadè	54

Transfòme Ansèyman ak Aprantisaj

APA ap transfòme kilti ansèyman ak aprantisaj atravè Ayiti, par egzanp:

- ▶ Entegrasyon lang kreyòl tankou yon zouti fondamantal nan pedagoji.
- ▶ Pwone konpreyansyon nan plas aprann pa kè an joko repèt.
- ▶ Ankouraje travay an gwoup nan tèt ansanm.
- ▶ Analize done pou swiv pwogrè ak rezilta aprenan yo.
- ▶ Reyalite kominote yo tounen motè pouvwa - filozofi nou konsènnan ansèyman ak aprantisaj nan sal klas bay kominote lokal yo lavwa pou n devlope konpetans aprenan yo kòm lidè kominotè.



A woman in a vibrant, multi-colored striped shirt is captured in a joyful dance pose, her arms raised and a wide smile on her face. She is the central focus of the image. The background is a lush, tropical outdoor setting with palm trees and other greenery. Several other people are visible in the background, some appearing to be part of the same event or gathering. The overall atmosphere is bright and celebratory.

Rezilta

Rekritman


215

anseyan-lidè rekrite pou pwogram
lidèchip transfòmasyonèl nou

900

kandida kalifye aplike pou 50 plas
nan kowòt 2018

**Kantite kandida,
2015-2019**



“

Mwen kanpe avèk APA kòm yon anseyan-lidè non sèlman pou amelyore sistèm edikason an men tou pou prepare sitwayen lidè ki gen sans responsabilite epi ki gen kapasite, pou fè tèt yo vanse kòm lidè pou zòn pa yo epi pou peyi nou an.

Anousse Prospère, Anbasadè,
Kowòt 2015



Lekòl Patnè


7000+

aprenan jiska prezan atravè 65 lekòl patnè

85%

mwayèn reyisit atravè sal klas anseyan-lidè nou yo - doub mwayèn nasyonal epou nivo fondamantal.

Kantite lekòl patnè,
2015-2019



“

**Solisyon yo egziste.
Se kominote a ki di ki
byen yo ta renmen wè
pou timoun yo, ki mòd
moun li ta renmen ti
moun yo vin ye
demen.**

Bendjimy Pierre, Anseyan-Lidè,
Kowòt 2017



Lidèchip anseyan ak anbasadè nou yo


90%

anbasadè (gradye) kontinye travay dirèkteman nan domèn edikasyon.

8

jwenn pwomosyon kòm manm direksyon nan yon lekòl.

**Kantite anseyan-lidè ak anbasadè,
2015-2019**



“

Se sak fè mwen menm kòm enfimyè, m pat pran tan pou m konprann patisipasyon pa m nan mouvman Anseye Pou Ayiti a ap pèmèt timoun yo jwi dwa yo genyen, ki se jwenn yon edikasyon k ap pèmèt yo devlope tèt yo sou plan fizik, entèlektyèl ak emosyonèl.

Dewenty Pierre Alphonse, Anseyan-Lidè, Kowòt 2017



Mouvman an ap grandi!

Aplikasyon mobil pou koleksyon done yo

Kreye yon aplikasyon mobil an patenarya ak Dimagi, Inc. pou swiv pwogrè aprenan ak anseyan-lidè yo. Se yon inovasyon seleksyone pou yon konferans entènasyonal nan 2018.

Devlope mouvman an

Kwasans aktivite k ap devlope mouvman nou an ann Ayiti, nan dyaspora Ayisyen ak nan nivo entènasyonal pou atire alye ki kwè nan egalite ak jistis nan sistèm edikasyon an.



APA idantifye kòm yon inovasyon mondyal

attn:

Bon jan kalite edikasyon dwe entegre idantite, istwa ak idantite fason pou n soti an ba sistèm inegalite...Anseye Pou Ayiti ap melanje tradisyon kiltirèl ak teknik pedagogik pou tout timoun resevwa bon jan kalite edikasyon.

CHOKARELLA

Nou rekrite kandida pou yon mouvman. Yon mouvman pou lidèchip transfòmasyonèl. Paske tout timoun ann Ayiti merite kalite.



Echoing Green chwazi Anseye Pou Ayiti kòm yon inovasyon sosyal mondyal.



Se nan sal klas APA ap enplemante aktivite li yo; men, se nan kominote yo chanjman yo ap fèt. APA chita sou yon apresyasyon pou pouvwa ki egzite nan kilti, koutim ak kominote yo. APA bay yon lòt definisyon pou lidèchip par rapò ak enpòtans travay nan tèt ansanm.

Le Nouvelliste

APA travay ak kominote nan peyi a pou n kreye yon rezo lidè sivik e pou n bati yon sistèm edikasyon ki chita sou egalite, sou istwa peyi nou an, sou valè moral ansanm ak yon vizyon kolektif.

Lavni mouvman an

N ap apwofondi angajman nou pou n devlope yon rezo lidè sivik

Pandan 5èm lane APA, n ap lanse 2 pwogram: yon pwogram pou paran ak youn pou direktè lekòl. Paske se nan kominote yo chanjman yo ap fèt, nou vle apwofondi patisipasyon tout manm kominote a k ap dirije konba pou n elimine enjistis nan sistèm edikasyon an.



N ap remesyè ekip Anseye Pou Ayiti!



A photograph of three young students in school uniforms sitting at a wooden desk in a classroom. They are looking down at an open book, with one student pointing at a page. The student on the left is a girl with a white bow in her hair, the middle student is a girl with braids, and the student on the right is a boy. They are all smiling and appear to be engaged in their work. The background shows other students at desks, slightly out of focus. The text 'Vin kolabore!' is overlaid in the center of the image.

Vin kolabore!